

**PRESUPOSISI ING WACANA BASA NJALUK PANGAPURA
ING DESA BICAK, KECAMATAN TROWULAN, KABUPATEN MOJOKERTO**

M. Robi

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
m.robin.robi@mhs.unesa.ac.id

Prof. Dr. Udjang Pairin M.Basir, M. Pd.

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Presuposisi ing basa Jawa wis tau ditliti nanging asil panliten kang mligi lan rinci ngenani presuposisi ing wacana basa isih durung tau ana. Presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing Desa Bicak, Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto mujudake pangira-ira kang tuwu ing tuturan njaluk pangapura kang dituturake dening warga Desa Bicak. Adhedhasar bab kasebut, panliten iki dipunjerake ngenani presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura. Dene undere panliten iki, yaiku: (1) jinis presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing Desa Bicak, Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto, (2) Pola wujud presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing Desa Bicak, Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto, lan (3) Asile proses presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing Desa Bicak, Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto. Tujuwan panliten iki yaiku ngandharake lan njlentrehake jinis, pola wujud lan asile presupososisi ing wacana basa njaluk pangapura ing Desa Bicak, Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto.

Panliten iki kalebu panliten etnografis komunikatif. Dhata sajrone panliten iki yaiku wacana basa njaluk pangapura, dene sumber dhata panliten iki yaiku pacaturane warga Desa Bicak kang nggunakake basa Jawa.

Teori kang digunakake kanggo ngandharake lan njlentrehake dhata yaiku teori presuposisi. Dhata kasebut saka asil nyemak lan nyathet tuturan njaluk pangapura kang dituturake warga desa Bicak. Sabanjure, dhata kasebut dijnjentrehake nganggo metodhe padan pragmatis. Jinis presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing Desa Bicak, Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto ana 5 jinis presuposisi. Pola wujud presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing Desa Bicak, Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto ana 3 wujud. Asile proses presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing Desa Bicak, Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto ana 2 asil presuposisi.

Tembung wigati: Presuposisi, Wacana Basa Njaluk Pangapura

PURWAKA

Bageyan purwaka iki diperinci dadi limang subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjere panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

Landhesan Panliten

Presuposisi ing basa Jawa wis tau ditliti, nanging panliten presuposisi ing bab wacana basa njaluk pangapura durung tau ditliti. Presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura iki mirunggan amarga mujudake pangira-ira kang njalari tuturan kang dumadi. Saliyane iku, teori ngenani presuposisi isih diandharake kanthi umum, durung nganti jangkep. Ana panliti kang wis ngandharake nganti merang presuposisi yaiku Yule (2006), ananging isih durung njlentrehake kanthi jlimet.

Presuposisi utawa pangira-ira kerep diprangguli dening wong kang lagi cecaturan karo

liyane. Presuposisi iki tuwu sadurunge wong nuturake tuturan. Wong kang lagi nuturake tuturan mesthi nduweni pangira-ira dhasar kang diwujudake tuturan marang liyane. Tuladhané tuturan “Bapak budhal menyang pasar nganggo motor”. Panutur sadurunge nuturake nduweni pamawas yen Bapak nduwe motor lan Bapak budhal menyang pasar nganggo motore. Pamawas kasebut kalebu presuposisi.

Pangira-irane panutur ana sadurunge ngasilake tuturan. Pangira-ira iki bisa dadi dhasare panutur kang sesambungan karo konteks lan swasana kang diwujudake dadi tuturan. Presuposisi iki dunung ing panutur nalika arep nindakake tuturan. Salah sijine yaiku nalika nindakake tuturan njaluk pangapura. Tindak turur njaluk pangapura kalebu tindak turur ekspresif, tujuwane kanggo nuduhake lan nggamarake kanthi blaka apa kang dirasakake panutur.

Tindak turur njaluk pangapura mujudake salah sijine tindak turur kang kerep ditindakake ing

masyarakat. Tindak tutur njaluk pangapura asring digunakake pawongan nalika njaluk pangapura amarga nglakoni kaluputan. Saliyane iku, njaluk pangapura uga ditindakake nalika arep nglakokake samubarang liya amarga wedi ngresahi mitra tutur. Sajrone bebrayan Jawa, njaluk pangapura uga ditindakake sadurunge nuturake bab kang saru. Panutur njaluk pangapura dhisik amarga bab kang saru iki lumrahe ora dituturake kanthi gamblang ing cecaturan.

Tindak tutur njaluk pangapura asring tinemu ing bebrayan Jawa mligine ing masyarakat desa. Masyarakat desa kerep nindakake iki minangka sarana njaga guyup rukun antar warga siji lan liyane. Salah sijine yaiku masayarakat desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto. Masyarakat desa Bicak kurang luwih cacahé ana 4600-an jiwa kang kaperang dadi saperangan golongan, awit saka status sosial, pangkat, umur, uga sesasambungan sosial kang maneka werna. Dene desa Bicak kalebu ing dhaerah kecamatan Trowulan sisih lor, lan kalebu dhaerah kabupaten Mojokerto sisih kulon.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, sajrone panliten iki bakal diandharake lan dijilentrehake ngenani jinis, pola wujud, lan asile proses presuposisi sajrone wacana basa njaluk pangapura tumrap masyarakat desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto. Presuposisi sajrone wacana basa njaluk pangapura bakal diandharake adhedhasar wujude tuturan, titikan, lan prosese.

Punjere lan Undere Panliten

Punjere panliten iki yaiku ngenani presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura. Dene undere panliten iki yaiku:

- (1) Apa wae jinise presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto?
- (2) Kepriye pola wujud presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto?
- (3) Kaya ngapa asile proses presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto?

Tujuwane Panliten

Tujuwane panliten iki yaiku:

- (1) ngandharake lan njlentrehake jinise presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto,
- (2) ngandharake lan njlentrehake pola wujud presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto,
- (3) ngandharake lan njlentrehake asile proses presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto.

Paedahe Panliten

Asile panliten iki awujud andharan lan jlentrehan ngenani jinis, pola wujud, lan asile proses presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto. Saka asil panliten iku, bisa menehi paedah teoretis lan paedah praktis.

(1) Paedah Teoretis

Paedahe panliten iki yaiku kanggo ngrembakake ilmu basa Jawa mligine ing bidhang pragmatik.

(2) Paedah Praktis

Asil panliten iki bisa dadi salah sijine bahan wacan sajrone nyinaoni ilmu basa, mligine bidhang ilmu pragmatik. Dene kanggo masyarakat desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto bisa dadi dhokumentasi tulis kang arang ditindakake.

Watesane Panliten

Watesane panliten iki yaiku (1) jinise presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura, (2) pola wujude presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura, (3) asile proses presuposisi ing wacana njaluk pangapura, (4) tuturan kang ngandhut wacana basa njaluk pangapura kang ditindakake masyarakat desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto, lan (5) dijinggengi kanthi etnografis komunikatif. komponen tutur kaperang dadi telu, yaiku struktur sosial, relasi sosial, lan situasi sosial. Struktur sosial kaperang dadi umur, jinis kelamin, lan status sosial. Relasi sosial kaperang dadi sesambungan kulawarga, tangga, lan kekancan. Dene situasi sosial kaperang dadi panggonan lan wayah.

Panjentrehe Tetembungan

Panjentrehe tetembungan iki ana papat, yaiku (1) presuposi, (2) wacana basa (3) njaluk pangapura, lan (4) Desa Bicak, kang bakal diandharake ing ngisor iki.

1. Presuposi

Presuposi yaiku pangira-ira kang diasilake sadurunge ngasilake tuturan. Pangira-ira iki dadi dhasar sajrone panutur nuturake tuturan marang mitra tutur.

2. Wacana Basa

Wacana basa yaiku unsur kabasan kang dhuwur banget lan kompleks kang mujudake kasawijinan makna.

3. Njaluk Pangapura

Njaluk pangapura yaiku tumindak kanggo njaluk pangapura. Njaluk pangapura lumrahe digunakake nalika nduwe kaluputan. Saliyane iku, nduweni tujuwan kanggo njaga paseduluran lan karukunan.

4. Desa Bicak

Desa Bicak yaiku salah sijine desa ing Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto. Desa Bicak kasusun saka 3 dusun, yaiku Dusun Pesanan, Dusun Bicak, lan Dusun Kedawung.

METODHE PANLITEN

Bageyan metodhe panliten iki diperinci dadi subbab, yaiku (1) jinis lan sifat panliten (2) dhata punjere panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

Jinis lan Sipate Panliten

Panliten iki kalebu panliten etnografis komunikatif. Kuswarno (sajrone Haryono, 2014: 63) ngandharake yen etnografi skomunikasi yaiku panliten kanggo nggambarake, ngandharake, lan mangun sesambungan saka kategori-kategori dhata kang ditemokake. Dene Ibrahim (1994: 205) ngandharake yen etnografi digunakake kanggo njlentrehe pola tindak komunikasi kang bisa dijinggleng lan direkam. Mula, sajrone panliten iki bakal diandharake lan dijlentrehe ngenani jinis presuposisi kang ana ing wacana basa njaluk pangapura.

Adhedhasar sipate, panliten presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura kalebu panliten kang asipat dheskriptip. Panliten dheskriptip iki kanggo ngandharake lan njlentrehe presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura.

Dhata Panliten

Dhata panliten iki arupa wacana basa njaluk pangapura ing basa Jawa. Dhata kasebut dijupuk lumantar kegiatan observasi. Dhata ing panliten iki arupa swasana, kedadeyan, lan tindakan komunikatif kang ngandhut njaluk pangapura. Swasana komunikatif mujudake panggon dumadine wacana basa njaluk pangapura, kayata ing dalan, pasar, lan bale desa. Kedadeyan komunikatif mujudake kabeh komponen kang wutuh, kang diiwiti kanthi tujuwan umum, topik, lan partisipan kang padha. Tindak komunikatif mujudake tindak turur ing kedadeyan turur. Tindak komunikatif iki yaiku tindak turur njaluk pangapura.

Sumber Dhata Panliten

Sumber dhata yaiku panggon kanggo nemokake dhata. Sumber dhata panliten iki yaiku pacaturane warga desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto. Tuturan kasebut banjur disemak lan dicathet ing cathetan. Dhata kang dicathet yaiku wacana basa njaluk pangapura.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten yaiku piranti kang digunakake kanggo nglumpukake dhata panliten. Instrumen kang digunakake sajrone panliten iki kaperang dadi loro, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen kang utama yaiku panliti. Dene instrumen panyengkuyunge yaiku *handphone* (HP), pulpen, sarta buku cathetan. Instrumen panyengkuyung iki digunakake kanggo nglumpukake dhata.

Tata Carane Panliten

Tata carane panliten iki ana telu yaiku (1) tata cara nglumpukake dhata, (2) tata cara njlentrehe dhata, lan (3) tata cara nyuguuhake asil jlentrehan dhata. Bab iki bakal diandharake ing ngisor iki.

(1) Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata panliten iki yaiku nggunakake metodhe semak lan metodhe cakap (Mahsun, 2014:242). Metodhe semak ditindakake kanthi cara nyemak basa kang digunakake panutur lan mitra tutur. Metodhe semak dileksanakake kanthi teknik sadap, semak libat cakap, semak bebas libat cakap, lan teknik cathet. Dene metodhe cakap ditindakake kanthi teknik pancing, lan teknik cakap.

Teknik sadap yaiku nyemak kanthi nampa sekabehing wedharan. Teknik iki kaperang dadi loro, yaiku teknik simak libat cakap lan teknik simak bebas libat cakap (Sudaryanto, 2015:207) utawa observasi partisipan lan observasi nonpartisipan (Haryanto, 2014:66). Teknik semak libat cakap yaiku nyemak kedadeyan turur kanthi panliti melu cecaturan ing pacaturan. Dene teknik semak bebas libat cakap yaiku nyemak kedadeyan turur kanthi panliti ora melu cecaturan ing pacaturan. Panliti namung nyemak wae lan ora melu ing pacaturan.

Metodhe cakap sinebut uga metodhe wawancara. Metodhe iki digunakake kanggo nggoleki informasi ngenani relasi sosial lan struktur sosial saka warga kang cecaturan. Metodhe iki ditindakake kanthi teknik cakap semuka. Teknik cakap semuka yaiku wawancara antarane panliti karo narasumber kanthi langsung. Panliti menehi pitakonan investigatif marang narasumber kanggo nggoleki relasi sosial lan struktur sosial. Relasi sosial iki ana 3 yaiku kulawarga, tangga, lan kanca. Dene struktur sosial ana papat, yaiku jinis kelamin, umur, lan struktur ekonomi sosial.

Dhata saka metodhe semak lan cakap iku banjur dicathet kanthi teknik cathet. Teknik cathet yaiku nyathet sekabehing dhata kanthi piranti tulis. Dhata panliten iki awujud tembung, frasa, ukara, sarta kahanan sosial kang nuduhake tindak turur njaluk pangapura ing pacaturan.

(2) Tata Cara Njlentrehe Dhata

Tata cara kang digunakake kanggo njlentrehe dhata, yaiku metodhe padan. Metodhe padan yaiku metodhe njlentrehe dhata kang piranti panamtune ana ing njaba lan ora dadi bageyan saka basa kang ditliti (Sudaryanto, 1993:13). Metodhe iki digunakake kanggo njlentrehe jinis, pola wujud, lan asile presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura. Piranti panamtu kang digunakake yaiku mitra wicara.

Dhata kang wis dicathet banjur dijlentrehe adhedhasar presuposisi kang tuwu. Jlentrehan dhata iki arupa jinis, pola wujud, lan asile presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura. Jlentrehan dhata arupa tembung-tembung kang lumrah, dudu awujud tandha utawa lambang-lambang kang disuguhake kanthi ngandharake konteks tuturan kang dumadi.

Konteks tuturan kaperang dadi telu, yaiku struktur sosial, relasi sosial, lan situasi sosial. Saka perangan struktur sosial umur kaperang dadi telu, yaiku umur bocah, umur enom, lan umur tuwa. Saka perangan struktur sosial jinis kelamin kaperang dadi loro, yaiku jinis kelamin lanang lan jinis kelamin wadon. Saka perangan struktur sosial status ekonomi kaperang dadi telu, yaiku status ekonomi sosial asor, struktur ekonomi sosial sedhengan, lan struktur ekonomi sosial dhuwur. Dene saka relasi sosial kulawarga kaperang dadi loro, yaiku relasi kulawarga cedhak lan relasi kulawarga adoh. Saka relasi sosial tangga kaperang dadi loro, yaiku relasi tangga cedhak, lan relasi tangga adoh. Saka situasi sosial panggon kaperang dadi loro, yaiku panggon umum lan panggon mligi. Dene saka situasi sosial wayah kaperang dadi loro, yaiku wayah awan lan wayah bengi.

(3) Tata Cara Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Cara nyuguhake asil jlentrehan dhata sajrone panliten iki, yaiku kanthi metodhe informal. Metodhe informal (Sudaryanto, 1993:45) yaiku nyuguhake dhata arupa tembung-tembung kang lumrah, dudu awujud tandha utawa lambang-lambang. Asil jlentrehan panliten iki, yaiku panliten ngenani jinis, pola wujud, lan asile presuposisi sajrone wacana basa pangapura ing warga desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto.

ANDHARAN LAN JLENTREHAN DHATA

Bageyan iki diprinci dadi telu, yaiku (1) jinise presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto, (2) wujudee presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto, lan (3) asile proses presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto.

1. Jinise Presuposisi ing Wacana Basa Njaluk Pangapura ing Desa Bicak, Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto

Jinise presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura iki diandharake adhedhasar pamawase Yule kang merang presuposisi dadi nem jinis, yaiku presuposisi eksistensial, presuposisi faktif/faktual, prersuposisi non faktif, presuposisi struktural, presuposisi leksikal, lan presuposisi konterfaktual. Nanging, presuposisi kang ditemokake ing wacana basa njaluk pangapura iki ana 5, yaiku presuposisi eksistensial, presuposisi faktif, presuposisi non-faktif, presuposisi struktural lan presuposisi konterfaktual. Presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura iki bisa kadeleng saka data-data tuturan njaluk pangapura ing ngisor iki.

a. Presuposisi Eksistensial

Presuposisi eksistensial tuwuhan ing tuturan njaluk pangapura kang dituturake masyratakat desa

Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto. Presuposisi eksistensial mujudake pangira-ira kang nuduhake kahanan kedadeyan kang nyata. Presuposisi faktif kang tuwuhan bakal diandharake ing ngisor iki.

- | | |
|----------|--|
| (1) Ardi | : Wah, saiki udan Bro, mene ae ya!
<i>'Wah, sekarang hujan, Bro!'</i> |
| Agus | : Ya wis, gak apa-apa.
<i>'Ya sudah, tidak apa-apa.'</i> |

Tuturan iku dituturake dening Ardi lan Agus. Tuturan iku dumadi nalika Ardi arep budhal menyang omahe Agus ing wayah awan. Sesambungan sosial antarane Ardi lan Bagus yaiku sesambungan sosial kanca cedhek. Dheweke padha-padha nduwe umur rumaja. Minggu sadurunge, Ardi wis nduwe janji yen bakal dolan menyang omahe Agus. Nanging, dheweke ora sida budhal amarga ana udan. Banjur Ardi nelpon Agus lan ngandharake kahanan kang dumadi. Tuturan kang diandharake Ardi kanthi sinirat uga nuduhake njaluk pangapura marang Agus. Senajan Ardi ora njaluk pangapura kanthi blaka, Agus wis ngerti maksud kang diandharake. Banjur Agus mangsuli kanthi tuturan "ya wis, gak apa-apa" kang nuduhake yen dheweke ngerti lan nrima apa kang dadi alasane Ardi. Saliyane iku, tuturan Agus uga nuduhake yen dheweke kanthi blaka wis menehi pangapura.

Tuturan ing ndhuwur nuwuhake presuposisi eksistensial. Presuposisi eksistensial iku nuduhake eksistensi/kahanane sawijining bab. Presuposisi eksistensial kang tuwuhan yaiku saiki ana udan. Pangira-ira iki tuwuhan saka tuturane Ardi. Pangira-ira iku nuduhake kahanan kang lagi dumadi, yaiku saiki ana udan. Kahanan kang lagi dumadi iku asipat nyata.

b. Presuposisi Faktif

Presuposisi faktif tuwuhan ing tuturan njaluk pangapura kang dituturake masyratakat desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto. Presuposisi faktif iki mujudake pangira-ira kang nuduhake kedadeyan kang nyata. Presuposisi faktif kang tuwuhan bakal diandharake ing ngisor iki.

- | | |
|-----------|---|
| (2) Rizal | : Sepurane, aku mene arep kerja shift isuk, gak isok melok.
<i>'Maaf, aku besok akan bekerja shift pagi, tidak bisa ikut.'</i> |
| Yudo | : Walah, padahal wingi wis direncanakna hlo.
<i>'Walah, padahal kemarin sudah direncanakan loh.'</i> |
| Rizal | : Iya, aku dibel jeraganku, dikongkon kerja. Minggu ngarep ae pas tanggal abang.
<i>'Iya, akuditelepon bosku, disuruh kerja. Minggu depan saja saat tanggal merah'</i> |
| Yudo | : Iya, wis sembarang.
<i>'Iya, sudah terserah.'</i> |

Tuturan kasebut dumadi ing dalam desa nalika wayah bengi. Rizal minangka panutur, lan Yudo minangka mitra tutur. Rizal lan Yudo wis kekancan saka SD. Mula sajrone cecaturan asring nggunakake basa

Jawa ngoko. Rizal saiki kerja ing pabrik Ladaku ing Mojokerto, dene Yudo kerja ing pabrik sepatu ing Mojokerto. Nalika kapethuk, Rizal ngandharake yen dheweke ora bisa melu dolan. Dheweke njaluk seputar marang Yudo amarga arep kerja shift esuk. Yudo nrima panjaluke Rizal lan isih kurang nrima. Banjur Rizal ngandharake yen dheweke wis ditelpun jeragane dikongkon kerja. Kanthi alasan iku, dheweke ora bisa melu. Supaya Yudo ora kuciwa lan bisa nampa pangapurane, Rizal ngomong yen bakal ngejak dolan ing wulan ngarep pas tanggal abang. Sawise iku, Yudo nampa apa kang dituturake Rizal.

Tuturan ing ndhuwur nuwuhake presuposisi faktif kang kathithik saka ukara "Sepurane, aku mene arep kerja shift isuk, gak isok melok". Presuposisi utawa pangira-ira faktif kang tuwuuh yaiku Rizal wis nyaguhi bisa melu marang Yudo, lan Rizal makarya ing shift esuk. Pangira-ira kang kapisan iku tuwuuh saka frasa "gak isok". Saka frasa iku bisa nuwuhake pangira-ira yen sadurunge iku panutur nyaguhi yen bisa melu. Dene pangira-ira kang kapindho iku nuduhake *informasi/warta* kang dadi sabab panutur ora bisa melu. Warta iku yaiku Rizal makarya ing wayah esuk. Mula, dheweke ora bisa nyaguhi janji kang wis digawe karo Yudo. Ing tuturan sabanjure, Rizal uga mrinci ngapa dheweke ora bisa melu.

c. Presuposisi Non-Faktif

Wacana basa njaluk pangapura uga nuwuhake presuposisi non-faktif. Presuposisi non-faktif yaiku pangira-ira kang diduga ora bener utawa ora jumbuh karo kasunyatan. Pangira-ira iki manggon neng ukara tuturan kang nduweni maksud kang ora pesthi lan kang ora padha karo kasunyatan kang sabenere. Presuposisi non-faktif ing tindak turut njaluk pangapura iki bakal diandharake ing ngisor iki.

- | | |
|-----------|---|
| (3) Carik | : Sepurane Pak, maeng takkira wis sampeyan jupuk kontake.
<i>'Maaf Pak, tadi saya kira sudah Anda ambil kontaknya.'</i> |
| Lurah | : Durung kok, maeng nang ndhukure meja pojokan.
<i>'Belum kok, tadi di atas meja pojokan.'</i> |
| Carik | : Oh iya, maeng takdelehan kono. Ya wis takjupuke sik Pak.
<i>'Oh, iya, tadi saya taruh di sana. Ya sudah saya ambil dulu, Pak.'</i> |

Tuturan ing ndhuwur dituturake dening Carik lan Lurah. Tuturan iku dumadi ing wayah awan ing ngarep bale desa. Lurah lan Carik wis dadi kanca caket awit 10 taun kepungkur. Ing dina senin, Lurah lan Carik arep budhal bareng menyang GOR Majapahit. Nalika dheweke arep budhal, Carik ngira yen kunci motor wis digawa Pak Lurah. Nanging Lurah nuturake yen ora nggawa kuncine. Carik sing rumangsa lali, banjur njaluk pangapura marang Pak Lurah. Carik njaluk pangapura amarga ngira kuncine wis digawa Pak Lurah. Nanging, Lurah nuturake yen ora nggawa lan kuncine isih neng njero ruwang administrasi. Banjur Carik keliling yen

dheweke sing ndeleh. Mula kanggo nebus rasa lupute, Carik njupuk kuncine ing ruwangan.

Tuturan ing ndhuwur nuwuhake presuposisi non-faktif. Presuposisi non-faktif iku katitik saka tembung kriya tanduk 'takkira'. Tembung iku uga nuduhake yen ukara tuturan iku nduweni maksud kang beda utawa ora jumbuh karo kasunyatan kang sabenere. Presuposisi non-faktif kang kapisan yaiku Lurah durung njupuk kontak. Pangira-ira nuduhake kasunyatan kang tuwuuh saka tuturane Carik. Dene presuposisi non-faktif kang kapindho yaiku kuncine keri. Bab iku uga nuduhake kasunyatan kang nyata kang ora jumbuh karo tuturane Carik.

d. Presuposisi Struktural

Presuposisi struktural yaiku pangira-ira kang tuwuuh amarga panutur nganggep mitra turut wis ngerti kasunyatan kang dimaksud panutur. Sajrone presuposisi struktural, panutur wis nganggep mitra turut nduweni pamawas kang padha. Presuposisi struktural iku tuwuuh ing ukara pitakon. Presuposisi struktural ing wacana basa njaluk pangapura bakal diandharake ing ngisor iki.

- | | |
|----------|--|
| (4) Yono | : Ngapunten, niksi kursine kosong nggih?
<i>'Ngapunten, ini kursinya kosong, ya?'</i> |
| Son | : Nggih, kosong.
<i>'Ya, kosong.'</i> |

Tuturan ing ndhuwur dituturake dening Yono lan Son. Yono lan Son diundang ingadicara mantenan. Nalika Yono arep nggoleki kursi kanggo lungguh ing adicara iku, dheweke weruh yen ana kursi kosong ing pinggire Yono. Dheweke banjur takon marang Son ngenani kursi kosong iku. Son mangsuli yen kursi ing pinggire iku kosong lan durung ana kang manggoni. Sadurunge takon ngenani kursi, Yono nuturake njaluk pangapura dhisik. Dheweke nindakake bab iku minangka wujud subasita marang sapadha-padha. Sesambungan sosial antarane Yono lan Son yaiku sesambungan sosial tangga adoh. Senajan ta padha kenale, Yono isih njaga tata kramane marang wong sapa wae.

Tuturan kang nuwuhake presuposisi struktural yaiku tuturane Yono. Titikane yaiku saka ukara pitakon kang dituturake Yono. Presuposisi kang tuwuuh saka tuturan iku yaiku kursine kosong. Pangira-ira iki uga nuduhake bebenere. Bebenere yaiku kursi kosong. Nalika Yono takon kursi kang kosong iku, dheweke uga nganggep yen Son uga nduwe pamawas kang padha. Wangsulane Son uga bisa dadi bukti yen ana kursi kang kosong lan durung ana kang nganggo.

e. Presuposisi Konterfaktual

Wacana basa njaluk pangapura uga nuwuhake presuposisi konterfaktual. Presuposisi iku tuwuuh ing tuturan kang ngandharake kahanan kang wewalikan karo kasunyatan. Pangira-ira iki ngandharake bab kang ora sabenere utawa ora padha karo kasunyatan. Presuposisi konterfaktual ing wacana basa njaluk pangapura bakal diandharake ing ngisor iki.

(5) Suwarni : Utang berase, Mak. Sepurane, mak ya, mene taksauri nek Bapake wis bayaran.

'Hutang berasnya, Bu. Maaf. Bu, ya besok saya lunasi kalau Ayahnya sudah mendapat bayaran.'

Juwariyah : Ya wis, gak pa-pa. Takkeki 3 kilo ya.

'Ya sudah, tidak ada apa-apa. Ku beri 3 kg ya.'

Suwarni : Ya, mak. Takgawane ya.
Ya Bu, ku bawa ya'

Tuturan ing ndhuwur dumadi ing omahe Juwariyah. ing wayah bengi. Suwarni nduweni sesambungan sosial tangga caket karo Juwariyah. Omahe Suwarni ing ngarepe omahe Juwariyah. Kulawargane Suwarni kalebu kulawarga kang sedengan. Nalika ing minggu akir wulan, dheweke ora nduwe dhuwit kanggo tuku beras ing warung. Banjur dheweke utang beras marang Juwariyah amarga dheweke nganggep yen kulawarga Juwariyah nduwe beras. Kulawargane Juwariyah kalebu kulawarga tani, mula dheweke nduwe beras kang cukup kanggo urip saben dina. Amarga saka iku, Suwarni utang beras marang Juwariyah. Suwarni utang marang Juwariyah lan bakal nyaur utang iki.

Tuturan kang dituturake Suwarni iku nuuhake presuposi konterfaktual. Presuposi konterfaktual iki katitik saka ukara pepindhan ing pepindhan. Titikane yaiku tembung 'nek'. Tembung iku kang dadi titikane presuposi konterfaktual. Presuposi konterfaktuale yaiku bojone Suwarni durung bayaran. Pangira-ira iki mujudake wewalikan karo tuturane Suwarni.

2. Wujude Presuposi ing Wacana Basa Njaluk Pangapura ing Desa Bicak, Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto

Wujude presuposi ing wacana basa njaluk pangapura katitik saka wujude pananda kang dadi titikane presuposi. Pananda iki bisa arupa tembung, gatra, lan ukara gatra. Wujude presuposi ing wacana basa njaluk pangapura bakal diandharake ing ngisor iki.

a. Presuposi Eksistensial

Wujude presuposi eksistensial bisa katitik saka jinise panandane. Pananda iki bisa arupa tembung, gatra, utawa ukara gatra. Wujude presuposi eksistensial ing wacana basa njaluk pangapura bakal diandharake ing ngisor iki.

1) Presuposi Eksistensial Kriya

Presuposi eksistensial kriya yaiku presuposi kang tuwu ing ukara kanthi pananda tembung kriya. Tembung kriya iki nuduhake eksistensi utawa kahanan kang dumadi. Presuposi eksistensial kriya iki bakal diandharake ing ngisor iki.

(6) Ardi : Wah, saiki grimis. Kuerep pol Nda. Ngenteni terang ae ya!

'Wah, sekarang gerimis. Lumayan lebat Nda. Nunggu terang saja ya!'

Agus : Ya wis, santai ae.

'Ya sudah, santai saja.'

Tuturan iku dituturake dening Ardi lan Agus.

Sesambungan sosial antarane Ardi lan Bagus yaiku sesambungan sosial kanca cedhek. Dheweke padha-padha nduwe umur rumaja. Tuturan iku dumadi nalika Ardi lan Agus arep budhal menyang alun-alun ing wayah sore. Tuturan kang diandharake Ardi kanthi sinirat uga nuduhake njaluk pangapura marang Agus. Senajan Ardi ora njaluk pangapura kanthi blaka, Agus wis ngerti maksud kang diandharake. Banjur Agus mangsuli kanthi tuturan "ya wis, santai ae" kang nuduhake yen dheweke ngerti lan nrima apa kang dadi alasane Ardi. Saliyane iku, tuturan Agus uga nuduhake yen dheweke kanthi blaka wis menehi pangapura.

Tuturan ing ndhuwur nuuhake presuposi eksistensial kriya. Presuposi iki nuduhake eksistensi/kahanane sawijining bab kanthi titikan tembung kriya kahanan. Titikane yaiku tembung 'grimis' kang kalebu tembung kriya kahanan. Presuposi eksistensial kang tuwu yaiku ana grimis kang dumadi. Pangira-ira iki tuwu saka tuturane Ardi. Pangira-ira iku nuduhake kahanan kang lagi dumadi. Kahanan kang lagi dumadi iku asipat nyata.

b. Presuposi Faktif

Wujude presuposi faktif bisa katitik saka jinise panandane. Pananda iki bisa arupa tembung, gatra, utawa ukara gatra. Wujude presuposi faktif ing wacana basa njaluk pangapura bakal diandharake ing ngisor iki.

1) Tembung Kriya Tanduk

Penganggone tembung kriya tanduk ing tuturan bisa nuuhake presuposi faktif. Wujude tebung kriya kang dadi titikane presuposi faktif bakal diandharake ing ngisor iki.

(7) Eko : Sepurane, aku mene arep kuliyah, gak isok budhal.

'Maaf, aku besok akan berkuliahan, tidak bisa berangkat.'

Rozi : Walah, padahal arek-arek wis sepakat.

'Walah, padahal kemarin sudah sepakat'

Tuturan kasebut dituturake dening Eko lan Rozi. Tuturan kasebut dumadi ing omahe Eko nalika wayah bengi. Eko minangka panutur, lan Rozi minangka mitra turur. Eko lan Rozi wis kekancan saka cilik. Dheweke kalebu kanca kang raket. Mula, sajrone cecaturan asring nggunakake basa Jawa ngoko. Eko lan Rozi saiki padha-padha kuliyah. Nanging nalika Rozi ngejak Eko dolan bareng, Eko ngandharake yen dheweke ora bisa melu budhal. Eko miwiti tuturane kanthi tembung "sepurane" kang nuduhake tindak turun njaluk pangapura.

Tuturan ing ndhuwur nuwuha ke presuposisi faktif. Presuposisi iku tuwuhan saka tembung kriya tanduk ‘kuliyah’. Tembung ‘kuliyah’ iku kalebu tembung lingga wutuh. Presuposisi utawa pangira-ira faktif kang tuwuhan yaiku Eko wis nduwe janji dolan karo Rozi sakance, lan Eko isih mlebu kuliyah. Presuposisi kang tuwuhan iku nuduhake kasunyatan kang dumadi. Saliyane iku, Pn uga njaluk pangapura marang Mt. Konteks tuturan kang dumadi yaiku Eko ora bisa melu dolan.

2) Tembung Kriya Tanggap

Penganggone tembung kriya tanggap ing tuturan bisa nuwuha ke presuposisi faktif. Tembung kriya tanggap yaiku tembung kriya kang manggon ing ukara tanggap utawa ora aktip. Wujude tembung kriya tanggap ing presuposisi faktif bakal diandharake ing ngisor iki.

(8) Ardi : Kajenge nang ndi, jik yamene kok mulih?
‘Mau ke mana, masih jam segini kok pulang?’

Zeni : Sik, aku balik sik. Iki maeng aku eling kajenge ngeterna Ibuk nang Mojoranu.
‘Sebentar, aku kembali dulu. Ini tadi aku ingat mau mengantarkan Ibuk ke Mojoranu.’

Ardi : Ya, wis. Engkok nek mari ndang mrene neh.
‘Ya, sudah. Nanti kalau selesai cepat kembali ke sini.’

Tuturan ing ndhuwur iku dituturake dening Zeni lan Ardi. Struktur sosiale Zeni yaiku wanita umur dewasa, dene Ardi yaiku lanang umur dewasa. Zeni lan Ardi wis dadi kanca awit saka SMP. Dene struktur ekonomi sosiale yaiku sedhengan. Ardi lan kanca-kanca SMP lagi kumpul neng omahe Ardi. Zeni njaluk idin arep bali dhisik amarga dheweke eling bakal ngeterke Ibune menyang Mojoranu. Ardi, banjur nampa andharane Zeni lan njaluk supaya dheweke bali menyang omahe maneh.

Presuposisi kang tuwuhan katitik saka tembung kriya tanduk ‘eling’. Wujud tembung kriya tanggap iku nuwuha ke presuposisi faktif, yaiku Zeni wis nduwe janji, lan Zeni bakal mulih. Presuposisi kang tuwuhan ing tuturan iku dadi pangira-ira kang nuduhake kasunyatan kang dumadi. Saka titikan iku bisa nuwuha ke pangira-ira kang kapisan yaiku Zeni wis nduwe janji. Pangira-ira iki uga dikuwatake karo tembung ‘kajenge’. Bab iku kang nyengkuyung yen Zeni wis nduwe janji. Saliyane iku, pangira-ira kang kapindho yaiku Zeni bakal mulih. Bab iki dikuwatake karo tembung ‘balik’ kang nuduhake yen Zeni bakal mulih.

3) Gatra Kriya

Penganggone gatra kriya ing tuturan bisa nuwuha ke presuposisi faktif. Gatra kriya yaiku gatra kang intine awujud tembung kriya. Wujude gatra kriya kang dadi titikane presuposisi faktif bakal diandharake ing ngisor iki.

(9) Bakul Pentol : Loh, gak enek susuke. Dhuwuk cilik ae ya!

‘Loh, tidak ada kembaliannya.

Uang kecil saja ya!

Rizal : Sik, takjupukne, Lik!.

‘Sebentar, ku ambilkan, Lik!’

Bakul Pentol : Iya, takenteni!

‘Ya, ku tunggu.’

Tuturan ing ndhuwur dumadi ing dalan ing wayah sore. Sesambungan sosial antarane Rizal lan bakul pentol yaiku antarane bakul lan panuku. Nalika Rizal tuku pentol, dheweke dikongkon bakule nganggo dhuwit cilik wae. Alasane yaiku bakule ora nduwe dhuwit kanggo menehi susuk. Rizal banjur ngomong marang bakule supaya ngenteni dheweke njupuk dhuwit.

Pangira-ira faktif kang tuwuhan katitik saka gatra kriya ‘gak enek susuke’. Pangira-ira yaiku bakul pentol ora nduwe dhuwit cilik, lan dhuwite bakul pentol gedhe-gedhe. Gatra kriya iku nuduhake yen bakul pentol ora nduwe dhuwit cilik, mula dheweke ora bisa menehi susuk marang Lukas. Saliyane iku, pangira-ira kang tuwuhan yaiku dhuwite bakul pentol gedhe-gedhe. Pangira-ira iku nuduhake yen dhuwite bakul pentol nominale gedhe-gedhe. Dheweke ora bisa nyusuki maneh, mula dheweke uga mbalekake dhuwit marang Rizal minangka mitra tutur.

4) Gatra Kahanan

Penganggone gatra kahanan ing tuturan bisa nuwuha ke presuposisi faktif. Gatra kahanan yaiku gatra kang intine awujud tembung kahanan. Wujude gatra kriya kang dadi titikane presuposisi faktif bakal diandharake ing ngisor iki.

(10) Alamat : Es batune sampun telas e.
‘Batu esnya sudah habis.’

Lukas : Mpun, teh gelas niki mawon.
‘Sudah, teh gelas ini saja.’

Tuturan ing ndhuwur iku dituturake dening Alamat lan Lukas. Sesambungan sosial antarane Alamat lan Lukas yaiku tangga adoh. Dene struktur ekonomi sosiale padha, yaiku sedhengan. Alamat nduwe warung ngedol maneka werna panganan lan ombenan, kayata rujak, jajan, kopi, es, uga gorengan. Tuturan kang dumadi iku ditindakake ing warunge Alamat ing wayah awan. Alamat nuturake kasunyatan kang dumadi. Bab iki bisa dadi sabab njaluk pangapura. Senajan ta ora ana tembung njaluk pangapura, tuturan kang dumadi wis ngandhut njaluk pangapura kanthi siniting.

Presuposisi faktif iku katitik saka gatra ‘sampun telas’. Gatra kasebut kalebu gatra kahanan. Tembung ‘telas’ iku kalebu tembung kahanan. Presuposisi kang tuwuhan yaiku Alama durung tuku es batu. Pangira-ira iku nuduhake kasunyatan kang nyata. Amarga es batu kang dianggo pancen tuku saka bakul es liya. Presuposisi kang kapindho, yaiku akeh wong kang tuku es. Mula saka iku, es batune cepet entek. Bab iki disengkuyung karo kahanan dina iku kang panas banget. Mula, akeh wong kang tuku es neng warunge alamat.

5) Ukara Gatra

Penganggone ukara gatra ing tuturan bisa nuwuhake presuposisi faktif. Wujud ukara gatra ing presuposisi faktif bakal diandharake ing ngisor iki.

- (11) Lurah : Ngapunten, KTP-ne dereng dados.
Kinten-kinten nggih minggu ngajeng.
'Maaf, KTP-nya belum jadi. Kira-kira ya minggu depan.'
- Tin : Nggih mpun nek ngaten Pak Lurah.
Assalamualaikum.
'Ya sudah kalau begitu Pak Lurah. Assalamualaikum.'
- Lurah : Nggih, waalaikumsalam.
'Ya, waalaikumsalam.'

Tuturan ing ndhuwur dituturake Lurah karo Tin. Struktur sosial umur saka Pak Lurah yaiku lanang dewasa, dene Tin yaiku wanita dewasa. Dheweke nduwensi struktur ekonomi sosial kang beda. Lurah kalebu struktur ekonomi sosial dhuwur, dene Tin kalebu struktur ekonomi sosial asor. Tuturan kang dituturake ing omahe Lurah iki dumadi ing wayah sore. Nur teka menyang omahe Lurah kanggo njupuk KTP sing dipesen. Tin wis nitip nggawekake KTP marang Lurah saka 2 minggu kapungkur. Amarga KTP kang dipasrahake durung dadi, Lurah njaluk pangapura pangapura marang Tin. Dheweke uga menehi pangira yen minggu ngarep KTP-ne Tin bakal dadi.

Presuposisi faktif kang tuwuhan bisa dititiki kanthi ukara gatra 'KTP-ne dereng dados'. Titikan iku nuwuhake presuposisi faktif, yaiku KTP isih diproses ing Dukcapil. Dukcapil yaiku panggon nggawe KTP ing kabupaten. Mula, yen durung dadi pancen isih proses ing Dukcapil. Pangira-ira kang kapindho kang tuwuhan, yaiku Lurah durung weruh kapan KTP-ne dadi. Bab iki uga disengkuyung kaoro tuturane Lurah kang ngira-ira dadine KTP. Ateges dheweke durung weruh kanthi pesthi.

c. Presuposisi Non-Faktif

Pola wujude presuposisi non-faktif bisa katitik saka jinis panandane. Pananda presuposisi struktural yaiku manggon ing ukara pitakon Wujude presuposisi non-faktif ing tindak turur njaluk pangapura bakal diandharake ing ngisor iki.

1) Tembung Kriya

Penganggone tembung kriya ing tuturan bisa nuwuhake presuposisi non-faktif. Pola wujude tembung kriya kang dadi titikane presuposisi faktif bakal diandharake ing ngisor iki.

- (12) Tio : Sepurane Bro, wingi takkira metu.
'Maaf Bro, tadi saya kira keluar.'
- Manu : Gak kok.
'Tidak kok.'
- Tio : Lah, wingi lawange tutupan e. Ya gak sida mampir.
'Lah, tadi pintunya tertutup. Ya tidak jadi mampir.'

Tuturan iki dumadi ing omahe ing wayah awan. Tio minangka panutur lan Manu minangka mitra turur. Panutur lan mitra turur nduwe sesambungan sosial kanca cedhek. Dheweke kalebu bocah dewasa kang umur 20 taun lan wis dadi kanca saka cilik. Sawijine dina, panutur mara menyang omahe mitra turur. Banjur, mitra turur takon kenapa panutur ora mampir dhek wingi. Banjur panutur ngandharake yen dheweke ngira mitra turur ora ana ing omah. Mula, dheweke ora mampir. Panutur uga nuturake tembung 'sepurane' kanggo njaluk pangapura marang mitra turur. Bab iki uga bisa tandha suba sitane panutur marang mitra turur. Senajan wis dadi kanca cedhek, dheweke ora sungkan kanggo njaluk pangapura.

Tuturan ing ndhuwur nuwuhake presuposisi non-faktif. Presuposisi non-faktif iki katitik saka tembung kriya tanduk 'takkira'. Tembung iku uga nuduhake yen ukara tuturan iku nduwensi maksud kang beda utawa ora jumbuh karo kasunyatan kang sabenere. Presuposisi non-faktif kang kapisan yaiku Manu ana neng omah. Pangira-ira nuduhake kasunyatan kang tuwuhan saka tuturane panutur. Dene presuposisi non-faktif kang kapindho yaiku Manu ngenteni Tio. Bab iki uga nuduhake kasunyatan kang nyata kang ora jumbuh karo tuturane panutur. Mitra turur sejatiné wis ngenteni panutur mampir neng omah, nanging ora ana jebule. Mula, panutur nuturake alasan kang sabenere.

d. Presuposisi Struktural

Wujude presuposisi struktural bisa katitik saka jinis panandane. Pananda presuposisi struktural yaiku manggon ing ukara pitakon Pola wujude presuposisi struktural ing wacana basa njaluk pangapura bakal diandharake ing ngisor iki.

1) Presuposisi Struktural Retoris

Presuposisi struktural retoris yaiku pangira-ira kang tuwuhan saka ukara pitakon retoris. Pitakon retoris iku ora mbuthuhake wangsanan saka mitra turur. Mitra turur wis dianggep ngerti apa kang dimaksud karo panutur. Ukara pitakon retoris iki lumrahe nduwensi tujuwan tartamtu. Presuposisi struktural retoris bakal diandharake ing ngisor iki.

- (13) Udin : Mas, sega gorengne wis, ta?
'Mas, nasi gorengnya sudah, ta?'
- Agung : Sekedhap, nggih. Segagoreng pedes, nggiih?
'Sebentar, ya. Nasi goreng pedas, ya?'

Udin : Iya, Mas. Pedes, lombok loro ae.
'Iya, Mas. Pedas, lombok dua saja.'

Tuturan iku dituturake dening Udin lan Agung. Agung iku wong kang dodol sega goreng. Segagoreng kango digawe Agung wis misuwur ing desa. Wayah bengi, Udin tuku sega goreng Agung. Dheweke pesen lan bakal dijupuk nalika dheweke bali. Nanging, nalika Udin bali, sega goreng kango dipesen durung dadi. Agung luwih dhisikake wong kang pesen lan ngenteni. Udin banjur takon sega goreng kango dipesen. Agung banjur nggawekake sega goreng lan takon pesenane Arik mau.

Tuturane Dar nuduhake ukara pitakon retoris. Ukara pitakon iki ora nggamblangake kaluputan panutur, nanging namung nuduhake supaya Udin bisa weruh yen sega gorenge arep digawekake. Pitakonane Udin iki uga ditujokake supaya Arik ora nesu. Tuturan kang dituturake Agung nuwuhake presuposisi struktural. Presuposisi struktural iki katitik saka tuturane Agung kang nuduhake ukara pitakon. Presuposisi struktural kang kapisan yaiku Udin pesen sega goreng pedes. Pangira-ira iki nuduhake yen sega goreng kang dipesen iku diwenehi sambel kang rada akeh supaya pedes. Presuposisi struktural kang kapindho yaiku sega gorenge isih digawe. Bab iki uga disengkuyung karo pitakonane Agung kang nuduhake yen sega goreng durung rampung digawe. Presuposisi struktural kang tuwuhan iki nuduhake kedadeyan nyata kang dumadi.

e. Presuposisi Konterfaktual

Wujude presuposisi konterfaktual bisa katitik saka jinise panandane. Presuposisi iki tuwuhan ing tuturan kang ngandharake kahanan kang wewalikan karo kasunyatan. Pangira-ira iki ngandharake bab kang ora sabenere utawa ora padha karo kasunyatan. Pola wujude presuposisi konterfaktual ing wacana basa njaluk pangapura bakal diandharake ing ngisor iki.

1) Presuposisi Konterfaktual Nyata

Presuposisi konterfaktual nyata minangka pangira-ira kang awujud ukara pepindhan. Titikane pangira-ira iki yaiku ukara pepindhan kang ana nuduhake kasunyatan kang nyata sajrone urip padinan. Presuposisi konterfaktual nyata bakal diandharake ing ngisor iki.

(14) Ardi : Utang dhuwike 50, mene taksauri nek bayaran. Ape taknggo nambahi tuku peleg peda.

'Hutang uangnya 50, besok ku ganti kalau mendapat bayaran.'

Agus : Ya, sik. Takjupukne.

'Ya sebentar, ku ambilkan.'

Tuturan iku dituturake dening Ardi lan Agus. Tuturan iku dumadi ing omahe Agus. Sesambungan sosial antarane Ardi lan Bagus yaiku sesambungan sosial kanca cedhek. Dheweke padha-padha nduwe umur rumaja. Omahe Ardi lan Agus iku cedhek, mula kalebu sesambungan sosial tangga cedhek. Kulawargane Ardi kalebu kulawarga kang sedengan. Nalika ing minggu akir wulan, dheweke ora nduwe dhuwit kanggo nambahi tuku pelege peda. Banjur dheweke utang dhuwit 50 ewu marang Agus.

Tuturan kang dituturake Suwarni iku nuwuhake presuposisi konterfaktual. Presuposisi konterfaktual iki katitik saka ukara pepindhan. Titikane yaiku tembung 'nek'. Tembung iku kang dadi titikane presuposisi konterfaktual. Presuposisi konterfaktual nyata kang tuwuhan iku Ardi durung bayaran. Pangira-ira iki mujudake wewalikan karo tuturane Suwarni kang ngandhut pepindhan. Pangira-ira iki uga nuduhake kasunyatan kang nyata. Mula, Ardi kang durung bayaran kalebu bab kang nyata

3. Asile Proses Presuposisi ing Wacana Basa Njaluk Pangapura ing Desa Bicak, Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto

Asile proses Presuposisi ing Wacana Basa Njaluk Pangapura ing Desa Bicak, Kecamatan Trowulan, Kabupaten Mojokerto iki ana loro, yaiku ditampa, lan ora ditampa. Bab iku bakal diandharake ing ngisor iki.

a. Ditampa

Ditampa minangka asil proses presuposisi iki mujudake presuposisi kang tuwuhan ing tuturane panutur ditampa dening mitra tutur gunane. Presuposisi kang ditampa iki katitik saka tanggapan mitra tutur. Asil proses presuposisi kang ditampa bakal diandharake ing ngisor iki.

(15) Rokman : Aku njaluk sepurane sing akeh. Anakku wingi wis njupuk hapene anake sampayan.

'Aku mohon maaf yang sebesarnya. Anakku kemarin sudah mengambil hape anak kamu.'

Jaiz : Nggih, mpun mboten napa-napa. Sampayan kandhani anake sampayan supaya mboten nglakoni ngaten malih.

'Iya, tidak apa-apa. Anda beri tahu anak Anda agar tidak melakukakn hal itu lagi.'

Tuturan ing ndhuwur dituturake dening Rokman minangka panutur, lan Jaiz minangka mitra tutur. Sesambungan sosiale yaiku tangga adoh. Rokman njaluk pangapura marang Jaiz amarga putrane wis nyolong hapene putrane Jaiz ing sekolah. Rokman rumangsa yen lupute putrane uga ora uwal saka dhidhikane dheweke minangka wong tuwa.

Presuposisi kang tuwuhan iku presuposisi faktif. Presuposisine yaiku putrane Rokman tau nyolong hape, lan hapene putrane Jaiz ilang. Presuposisi kang tuwuhan nduweni tujuwan supaya mitra tutur bisa menehi pangapura marang mitra tutur. Presuposisi iki nuduhake warta kang nyata kang njalari panutur njaluk pangapura marang mitra tutur.

Asile proses presupossi yaiku ditampa. Titikane yaiku saka tanggapane mitra tutur ing tututran 'Nggih, mpun mboten napa-napa.. Tuturan iku mujudake yen mitra tutur nampa lan menehi pangapura marang panutur.

b. Ora Ditampa

Asil proses presuposisi uga bisa ora ditampa. Bab iki mujudake presuposisi kang tuwuhan ing tuturane panutur ora ditampa utawa gagal dumadi. Presuposisi kang ora ditampa iki katitik saka tanggapan mitra tutur. Asil proses presuposisi kang ora ditampa bakal diandharake ing ngisor iki.

- (16) Rizal : Sepurane, gak isok melok.
'Maaf, tidak bisa ikut.'
- Abas : Loh, karepe dhewe. Ayo meloka!
'Loh, semaunya sendiri saja. Ayo cepat ikut!'
- Rizal : Gak isok kok. Mene aku kajenge metu karo liyane. Mben ae lah.
'Tidak bisa kok. Besok aku akan keluar bersama anak lain. Lusa saja lah'
- Abas : Halaah, wis talah.
'Halah, sudahlah.'

Tuturan kasebut dituturake dening Rizal lan Abas. Rizal minangka panutur, lan Abas minangka mitra tutur. Panutur lan mitra tutur wis kekancan saka SD. Panutur uga mitra tutur nduwensi umur dewasa. Dheweke asring cecaturan nggunakake basa Jawa ngoko. Sawijine dina, Rizal ngandharake yen dheweke ora bisa melu. Dheweke njaluk seputra marang Abas supaya ora ngejak dheweke maneh.

Tuturan ing ndhuwur nuwuhaake presuposisi faktif yaiku panutur wis tau nyaguhi bisa melu marang mitra tutur, lan panutur arep metu karo liyane. Pangira-ira iki nuduhake pamawas kanggo ngandhani mitra tutur. Pangira-ira kang tuwu iku nuduhake warta kang dadi sabab panutur ora bisa melu. Warta iku yaiku panutur arep metu karo arek liya. Mula, dheweke ora bisa nyaguhi janji kang wis digawe karo mitra tutur. Ing tuturan sabanjure, panutur uga mrinci ngapa dheweke ora bisa melu.

Tanggapane mitra tutur nuduhake yen dheweke ora nampa tuturan pangapurane panutur. Mitra tutur banjur njaluk panutur supaya bisa melu. Banjur, panutur nguwatake tuturane yen dheweke arep metu karo arek liya. Kanthi alasan kaya iku, dheweke ora bisa melu. Supaya mitra tutur ora kuciwa lan bisa nampa pangapurane, panutur ngomong yen bisa metu ing wayah sesuk mben. Nanging, mitra tutur panggah pengin ora diundur.

PANUTUP

Bageyan pungkasen iki dijilentrehake dudutan minangka asil presuposisi saka panliten iki lan pamrayoga kango panliten sabanjure. Andharan luwih jangkepe mangkene.

Dudutan

Jinise presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto ana 5 jinis, yaiku (1) presuposisi eksistensial, (2) presuposisi faktif, (3) presuposisi non-faktif, (4) presuposisi struktural lan (5) presuposisi konterfaktual. Dene pola wujud presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto adhedhasar wujud panandane ana 3 wujud, yaiku tembung, gatra, lan ukara gatra. Pola wujud presuposisi iki, yaiku presuposisi konterfaktual nduwensi pola wujud tembung, presuposisi faktif nduwensi pola wujud tembung, gatra, lan ukara

gatra, presuposisi struktural nduwensi pola wujud tembung pitakon, lan presuposisi konterfaktual nduwensi pola wujud tembung. Dene asil proses presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto adhedhasar pananggape mita tutur ana 2 asil, yaiku asil proses presuposisi kang ditampa, lan asil proses presuposisi kang ora ditampa.

Pamrayoga

Asil panliten ngenani presuposisi ing wacana basa njaluk pangapura ing desa Bicak, kecamatan Trowulan, kabupaten Mojokerto iki isih akeh kurange, jalanan ing panliten iki kurang nggatekake tanggapan mitra tutur kanthi rinci. Saliyane iku, panliten iki namung matesi ing tuturan njaluk pangapura ing sawijining desa ing kecamatan Trowulan ing kabupaten Mojokerto, saengga durung bisa menehi gegambaran presuposisi ing basa Jawa. Mula, kango panliten sabanjure dibutuhake panliten ngenani presuposisi ing bab wacana basa liyane.

KAPUSTAKAN

- Brown, Penelope lan C. Levinson. 1987. *Politeness: Some Universal in Language Usage*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Chaer, Abdul lan Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Cummings, Louise. 2007. *Pragmatik Sebuah Perspektif Multidispliner*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Geurts, Bart. 1999. *Presupposition and Pronouns*. Oxford: Elsevier.
- Gudai, Darmansyah. 1989. Semantik Beberapa Topik. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Haryono, Ahmad. 2015. *Etnografi Komunikasi: Konsep, Metode, dan Contoh Penelitian Pola Komunikasi*. Jember: Jember University Press.
- Husna. 2015. *Pranggapan dan Perikutan dalam Wacana Iklan di Katalog Kecantikan Oriflame edisi Januari 2014*. Unnes: Skripsi ora diterbitake.
- Ibrahim, Abd Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Kridalaksana, Harimurti. 1984. *Kamus Linguistik Edisi Kedua*. Jakarta: Gramedia.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-Prinsip Pragmatik (kajawakake dening M.D.D. Oka)*. Jakarta: Universitas Indonesia Press.

- Lubis, H.H. 2015. *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Macagno, Fabrizio. 2015. "Presupposition as Argumentative Reasoning" ing *Interdisciplinary Studies in Pragmatics, Culture and Society, Perspective in Pragmatics, Philosophy & Psychology 4*. A.Capone, J.L. Mey (eds.). Switzerland: Springer International Publishing. Kaakses saka https://doi.org/10.1007/978-3-319-12616-6_18
- Mahsun. 2014. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: Rajawali Pers.
- Maruti, Endang Sri. 2013. *Tindak Tutur Meminta Maaf pada Masyarakat Jawa di Kelurahan Beringin, Kecamatan Lakarsantri, Kota Surabaya (Kajian Pragmatik)*. Unesa: Tesis ora diterbitake.
- Nadar, F.X.. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Padmosoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.
- Putrayasa, Ida Bagus. 2015. *Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Rahayu, Karisma Dwi. 2018. *Presuposisi sajrone Pethilan-Pethilan (Quotes) Instagram @pathdailyjowo Taun 2017*. Surabaya: Skripsi ora diterbitake.
- Ramlan, M. 1983. *Sintaksis Suatu Tinjauan Deskriptif*. Yogyakarta: CV Karyono.
- Rustono. 1999. *Pokok-Pokok Pragmatik*. Semarang: CV IKIP Semarang Press.
- Sasangka, Sry Satya Tjatur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrak Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Schiffrin, Deborah. 2007. *Ancangan Kajian Wacana*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Siahaan, Lusmiati. 2015. *Pemakaian Praanggapan pada Tuturan Wisatawan Asing dalam Berinteraksi dengan Penduduk Setempat di Ubud Bali*. UNS: Tesis ora diterbitake.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguis*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- _____. 2015. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan Secara Linguistik*. Yogyakarta: Sanata Dharma University Press.
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996 Dasar-Dasar Pragmatik. Yogyakarta: Andi Yule, George. 2006. *Pragmatik (kajarwakake dening Indah Fajar Wahyuni lan Rombe Mustajab)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.